

# Sipò Nitrisyon pou Ipètansyon nan CHA



Manje yon rejim ki sen kapab ede jere tansyon.

Si ou se yon manm Tufts Health Together with CHA ki gen tansyon wo oswa ipètansyon, epi ou gen ensekirite alimantè, ou ka kalifye pou benefisye sipò nitrisyon nan CHA.



Pwogram Bezwèn Sosyal ki Lye ak Sante (HRSN) nan Tufts Health Plan ak Cambridge Health Alliance Health sipòte manm Tufts Health Together with CHA k ap fè fas ak ensekirite alimantè pandan l ap ofri yo aksè nan manje ki sen.

## Sèvis yo ka gen ladan yo:

- Manje ki bon pou sante OSWA epis y ap livre lakay ou
- Yon kat debi prepeye pou achte fwi ak legim fre

Pale avèk yon manm nan ekip premye swen w lan pou ou konnen si ou elijib. Ou kapab voye yon imèl tou sou [HRSNservices@challiance.org](mailto:HRSNservices@challiance.org) oswa rele 781-338-0397 pou w konnen plis.



[www.challiance.org/services-programs/primary-care/hypertension](http://www.challiance.org/services-programs/primary-care/hypertension)